

Jwèt Eskrab: Yon Pwogrè Pou Pèp Ayisyen

Daphney Pascal

Inivèsite Laflorid

Entwodiksyon

Li trè enpòtan ke lè nou kreye yon jwèt Mo Kwaze kreyòl Ayisyen, ke ou sèvi avèk òtograf ki ofisyèl. Dejan di nou ke “Si yo t ap bay yon pri pou egzant ki sèvi pi mal ak òtograf kreyòl la, ki sèvi ak li pi tet anba nèt, esplikasyon yo ekri pou ti rechogaz Ayiti Metal yo ta gen premye pri.” Lè nou mete aksan sou lèt yo, moun Ayisyen ap kapab pratike jwe eskrab nan lang ofisyèl. M espere ke sa ta tradui nan jan moun Ayisyen ekri. Jwèt sa ap sèvi kòm yon zouti ki ap ede alfabetize moun Ayisyen. Plis ke say eskrab ap ede yo avèk òtograf yo. Nan liv Dejan li bay nou yon egzant kote li wè yon afich nan yon magazen ki pa lwen plas Jefra, Pòtoprens. Afich ekri “Moun ak zam pa *rentrè*”. Dejan esplike ke se pa kon sa yo ekri: rantre. Egzanp sa fè nou wè ke Ayisyen genyen yon pwoblèm avèk òtograf.

Pwoblèm Nou Kontre

Yon pwoblèm nou kontre lè nou ap devlope jwèt sa se moun ka pa bay aksè avèk diksyonnè. Se poutèt sa, li enpòtan pou nou kreye yon liv ki genyen anpil aksè. Liv sa ta genyen mo Ayisyen sèvi avèk anpil. Si nou ta renmen jwèt sa genyen siksè, li enpòtan pou nou kreye liv sa. Plis ke sa, li enpòtan pou nou kreye jwèt nan yon fason ki pèmèt tout pèp Ayisyen genyen aksè. Sa se yon jan pou kòmanse alfabetize yon pèp nan yon fason ki pa trè chè. Si jwèt la pa chè, l ap genyen popilarite avèk moun Ayisyen.

Nou ka popilarize eskrab kòm yon jwèt tout fanmi ka jwe. Dejan di nou ke Papa ak Manman ti Ayisyen yo pale kreyòl sèlman. Paske jwèt an kreyòl, paran yo ka jwe eskrab avèk timoun yo. Menm lè paran yo ap jwe, yo ap aprann.

Ansèsyman An Franse

Nan liv *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* sou paj 206-235, Iv Dejan sèvi ak esperyans li kòm yon pè pou li montre nou pwoblèm ki genyen avèk ansèsyman an franse. Lè Dejan ale vizite yon lekòl li rankontre avèk yon mè ki rele Jistin. Mè Jistin se direktris lekòl la. Mè sa te fè yon deklarasyon ki pa t chita byen avèk Dejan. Li rele timoun yo kreten paske yo pa t ka atrap leson yo an franse. Dejan vin travay avèk timoun yo pou li montre mè yo yon leson. Lè li travay avèk timoun yo, li vin wè ke se pa sòt elèv yo sòt, se paske mè yo ap anseye nan yon lang timoun yo pa konprann. Lè mè yo anseye an franse, elèv yo vin konnen san yo pa aprann.

Dejan fè pwèn sa pi klè lè li mande timoun yo keksyon mesaj legiz katolik an franse avèk kreyòl. Keksyon sa yo te adrese prensip fondamantal ke tout moun ki batize nan legliz katolik ta dwe kenbe fèm (pg. 215). Lè timoun yo remèt repons yo an franse epi apre an kreyòl deklarasyon yo chanje. Timoun yo fè plis erè lè yo bay repons yo an franse. Sa montre nou ke timoun yo pa kreten. Lè yo travay nan yon lang yo konprann, yo ka aprann pi byen. Yo vin atrape sijè a.

Jwèt Eskrab Kòm Yon Solisyon

Sèvi ak kreyòl nesèsè pou konesans. Jwèt eskrab ka ede timoun Ayisyen konprann kreyòl pi bon paske li bay timoun yon opòtinite pou yo pratike ekri an kreyòl

nan yon sans. Jwèt la ap ede yo aprann òtograf kreyòl. Lè yo konprann kreyòl pi byen yo ap aprann kreyòl pi byen. Eskrab se yon solisyo. Li se yon jwèt ki ap ede alfabetize moun Ayisyen. Plis ke sa, eskrab ap ede Ayisyen konprann avèk aprann plis.

Règ Eskrab

Nan liv *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* sou paj 236-265, Iv Dejan fè yon ka pou lekòl nan yon sel lang an Ayiti. Li di nou ke pwogram nan de lang pou mas popilasyon 7 milyon Ayisyen ki pale kreyòl sèlman pa posib pou senk gwo rezon. Dejan di nou ke sa pa posib rezon ekonomik. Ayiti pa genyen lajan pou li anseye timoun nan de lang. Dezyèmman, sa pa posib pou rezon sosyal. An Ayiti se sel yon minorite pale franse. Twazyèm rezon Dejan bay nou se rezon jewografik. Li di nou ke Ayiti pa kole ak peyi ki pale angle oubyen franse. Timoun Ayisyen pa ka annik travèse pou yo ale nan yon peyi Lafrans. Yo pa ka benyen nan franse. Katyèm pwen Dejan di nou se sa pa posib pou rezon pedagogik. Yo pa ka jwenn 50 mil pwofesè ki pale franse e ki konn teknik montre timoun franse kòm yon lang etranje fen pandan yo pa benyen nan franse. Dènye bagay Dejan di nou se sa pa posib pou rezon tan. Li di sa ap pran anpil tan pou timoun Ayiti aprann franse ak bon pwofesè.

Nan chapit sa Dejan di nou plizyè rezon nou ta dwe anseye timoun an kreyòl sèlman. Jwèt eskrab se yon bon fason pou nou kòmanse anseye timoun an kreyòl men fòk timoun yo konnen règ eskrab. Pou jwèt la kòmanse fòk premye moun ki pral jwe mete lèt li yo ansanm sou tab la. Lèt yo ka ale anlè oswa anba. Lè premye jwè mete lèt yo, fòk yo rive sou kare ki nan mitan. Lè moun nan jwe li pa ka eple mò yo devan dèyè. Lè ou fini, konte skò ou, epi di tout moun. Fòk ou sonje pou ranmase menm kantite jeton, pou ou ka toujou genyen menm kantite jeton nan men ou. Dezyèm moun ki ale, fòk yo kole

jeton yo ak jeton ki deja sou tab la pou yo kreye yo mo. Fòk nou sonje ke mo yo ka ale anlè epi anba. Lè tout lèt yo fini, moun ki genyen plis pwen se chanpyon eskrab.

Sitweb sou Eskrab

Lè nou fin aprann règ eskrab, li enpòtan pou nou sèvi avèk estrateji pou nou ka vin chanpyon eskrab. Genyen plizyè sitweb ki pale sou estrateji eskrab. Si ou vitize sitweb www.cyberonic.com/~bigdoggy/strategy.html ou ka jwenn estrateji pou jwèt la. Nou konnen ke anpil moun Ayiti pa genyen askè avèk òdinatè. Se poutèt sa mwen ta renmen jwèt la vini avèk yon ti liv ki pale sou estrateji eskrab. Si ou bezwen konnen istwa eskrab ou ka vitize sitweb <http://www.scrabble-assoc.com/info/history.html>. Si ou se yon fanatik eskrab, epi out a renmen pale ak lòt fanatik ou ka vitize sitweb sa: www2.scrabble-assoc.com/.

Chemen Konesans Pi fò Ayisyen

Nan dènye chapit ki nan liv *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*, Iv Dejan revize tout rezon lekòl ta merite anseye an kreyòl an Ayiti. Dejan di nou kreyòl se lang tout moun ki fèt e ki leve ann Ayiti depi yo piti jis yo gen 18 an. Se sèl lang ki rele tout jèn moun sa yo chè mèt chè metrès. Se li tout moun konprann byen. Se li yo pale tout tan. Sa ki pi enpòtan Dejan di nou, ki kreyòl se prensipal chemen konesans pi fò Ayisyen. Lekòl merite anseye an kreyòl paske kreyòl se lang lavi ann Ayiti. Sitiyasyon anseye an franse pa nòmal paske pi fò Ayisyen pa konprann lang franse. Se yon minorite moun ki byen sèvi avèk lang franse. An plis, Dejan di nou sistèm lekòl an Ayiti nan yon sitiyasyon tèt anba ki merite chanje.

Konklizyon

Jwèt eskrab se yon fason nou ka kòmase chanje sistèm la. Eskrab se yon jwèt ki ap ede alfabetize moun an Ayiti, paske kreyòl se prensipal chemen konesans pi fò Ayisyen. Menm lè moun an Ayiti pa genyen aksè avèk diksyonnè, jwèt eskrab ap fasil pou yo atrape lang kreyòl paske se lang ki nan sèvo yo. Lang franse pa nan sèvo yo. Pou timoun Ayiti aprann franse fòk yo benyen nan lang etranje. Dejan mande nou kote lanmè franse, kote larivyè franse, kote lapil franse. Paske timoun yo pa benyen nan lang franse yo pa ka aprann li. Yo tranpe nan lang kreyòl paske kreyòl se lang manman. Kreyòl se lang ki nan sèvo yo. Si nou fè yon ti diksyonnè ki pa chè, sa ap fè jwèt la gen plis aksè. Nan diksyonnè sa nou ka mete mo moun sèvi avèk sou van. Sa ap byen ede moun ki anvi jwe eskrab.

Plis ke sa kreyòl se yon lang ki fonetik, sa vle di moun ka toujou fè efò jwe eskrab menm lè yo pa alphabetize nèt. Menm jan lang kreyòl se yon lang ki sèvi avèk règ, li enpòtan pou nou sèvi avèk menm règ sa yo nan jwèt eskrab. Pou pwogrè an Ayiti fòk lekòl anseye an kreyòl. Si sa pa fèt Dejan di nou Ayiti ap rete dèyè ak yon ti ponyen moun k ap grennen bèl franse, toutotan yon majorite moun ap kontinye pa mache nan chemen konesans tout Ayisyen deja genyen an lang kreyòl. Chanjman kreyòl nesèsè pou pwogrè. Jwèt eskrab ap ede pèp Ayisyen fè pwogrè sa.

Bibliyografi

1. [Dejan Iv. 2006. *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Pòtoprens: Fokal].
2. www.cyberonic.com/~bigdoggy/strategy.html
3. <http://www.scrabble-assoc.com/info/history.html>
4. <http://www2.scrabble-assoc.com/>